

Tanpri ekri ak lèt detache ak lank koulè ble oswa nwa.

Nou sèvi ak fòm sa a pou pataje enfòmasyon sante pwoteje (protected health information, "PHI") w yo lè lwa federal ak lwa eta ki anvigè nan domèn pwoteksyon lavi prive a mande pou w bay otorizasyon w. Otorizasyon w pèmèt AmeriHealth Caritas Florida pou l pataje PHI w yo ak moun oswa òganizasyon ou chwazi a (yo). Epitou, ou ka chwazi pou pèmèt moun ak òganizasyon sa a (yo) pou yo pataje PHI w yo avèk AmeriHealth Caritas Florida. Ou ka anile otorizasyon sa a nenpòt lè. Pou fè sa, kontakte AmeriHealth Caritas Florida. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** pou jwenn plis enfòmasyon.

## Pati A. Enfòmasyon sou manm nan (moun n ap pataje PHI l yo)

Prenon manm nan:	Inisyal prenon an:	
Non fanmi:	Nimewo idantifikasiyon manm nan (gade kat idantifikasiyon an):	
Adrès manm nan:		
Vil:	Eta:	Kòd postal:
Dat nesans manm nan:	Nimewo telefòn lajounen (ak endikatif zòn nan):	
Adrès imèl manm nan:		

## Pati B. Destinatè (moun oswa òganizasyon k ap resevwa PHI w yo)

Moun oswa òganizasyon ki nome apre a gen dwa pou l resevwa PHI m yo:

**Èske ou ta renmen pou moun oswa òganizasyon ki nome apre a pataje PHI w yo avèk nou tou?**  Wi  Non

Prenon:	Non fanmi:	
Non òganizasyon an (lè sa nesesè):		
Adrès:		
Vil:	Eta:	Kòd postal:
Nimewo telefòn (ak endikatif zòn nan):		
Relasyon avèk manm ki nome nan pati A a:		
Adrès imèl destinatè a:		

## Pati C. Deskripsyon PHI n ap pataje yo

Fè nou konnen ki kalite PHI nou ka pataje. Ou ka tcheke tout kare ou vle yo. Se pou ou tcheke omwen yon kare. Nòt: Lwa eta ak lwa federal yo pèmèt nou pataje kèk PHI san otorizasyon w.

**Dosye sou pwoblèm sante ki pa sansib.** Tout PHI ki gen rapò avèk sante mwen, avèk prestasyon ak sèvis swen sante mwen resevwa yo, ak peman ki fèt pou yo, **sof pou pwoblèm sante ki sansib jan sa endike anba a.**

Nòt: Lwa federal yo mande yon otorizasyon apa pou pataje nòt sikoterapi.

**Dosye sou eta sante ki sansib.** Kèk lwa pèmèt ou bay yon pèmisyon espesifik pou pataje PHI ki sansib.

Tanpri tcheke kare ki anba yo pou PHI ki sansib nou mèt pataje yo. Lè ou tcheke kare sa yo, se bay ou bay pèmisyon w pou nou pataje tout dosye ki gen kalite PHI sa yo. Si se yon pati nan dosye sa yo ou otorize nou pataje sèlman, pa egzanp dosye ki gen rapò ak yon sèl dyagnostik, ranpli seksyon "Enfòmasyon limite sèlman" ki nan paj 2.

- |   |  |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Enfòmasyonjenetik  | <input type="checkbox"/> Maladi ki transmèt nan rapò seksyèl |
| <input type="checkbox"/> VIH/SIDA   | <input type="checkbox"/> Avòteman ak planing                 |
| <input type="checkbox"/> Abi sibstans oswa alkòl  | <input type="checkbox"/> Maladi trapan                       |
| <input type="checkbox"/> Sante mantal/konpòtmantal (tretman pandan ou entène lopital ladan l tou) |  |



## Pati C. Deskripsyon PHI n ap pataje yo (suit)

**Kèk enfòmasyon sèlman** Nan kare anba a, dekri PHI ou ta renmen pou nou pataje. Egzanp:

- Demann ki gen rapò ak sèvis mwen te resevwa nan dat [date]
- Enfòmasyon sou apèl ki gen rapò ak demann mwen te fè nan dat [date]

Tanpri dekri enfòmasyon ou ta renmen nou pataje:

## Pati D. Objektif otorizasyon sa a

**Otorizasyon sa a valid pou pataje PHI pou objektif ki vin apre yo. (Tanpri tcheke youn oswa toule de kare yo).**

Pou dyagnostik, tretman, jesyon ak/oswa peman pou bezwen sante m yo

### OUBYEN

Pou rezon sa a:

Otorizasyon sa a pa p valid si yo itilize l pou yon objektif ki pa mansyone anwo a.

## Pati E. Dat ekspirasyon otorizasyon sa a

**Otorizasyon sa a pral ekspire: Tanpri tcheke yon sèl kare.**

Mwen vle pou otorizasyon an ekspire yon (1) ane apre plan asirans mwen avèk AmeriHealth Caritas Florida fini.  
(Gade enfòmasyon ki anba yo)\*

### OUBYEN

Nan dat, nan evènman oswa nan kondisyon ki vin apre a\*:

\* Se pou ou fè AmeriHealth Caritas Florida konnen evènman an oswa kondisyon an rive pou nou ka anile otorizasyon sa a. Nan eta North Carolina ak New Jersey, otorizasyon sa a ekspire otomatikman ennan apre dat ou te siyen l lan, sof si w chwazi yon dat ki tonbe anvan sa. Nan eta ak New Hampshire, otorizasyon sa a ekspire otomatikman dezan apre dat ou te siyen l lan, sof si w chwazi yon dat ki tonbe anvan sa. Nan eta Louisiana, si w mande pou nou pataje enfòmasyon jenetik, otorizasyon sa a ekspire 60 jou apre dat ou te siyen l lan, sof si w chwazi yon dat ki tonbe anvan sa. Nan District of Columbia, si w mande pou nou pataje enfòmasyon sou sante mantal ou, otorizasyon sa a ekspire otomatikman ennan apre ou te siyen l lan, sof si w chwazi yon dat ki tonbe anvan sa.

## Pati F. Apwobasyon: Ou menm OSWA reprezantan pèsònèl ou dwe siyen fòm sa a epi date l pou nou ka trete l.

Mwen konprann otorizasyon sa a pou pataje PHI m yo se yon aksyon ki volontè, men li pa yon kondisyon pou mwen ka enskri nan AmeriHealth Caritas Florida, pou mwen kalifye pou jwenn yon prestasyon, ni pou mwen resevwa yon peman nan kad demann mwen yo. Mwen konprann mwen ka mande AmeriHealth Caritas Florida pou anile otorizasyon sa a nenpòt lè epi, si mwen anile otorizasyon sa a, sa pa p afekte okenn aksyon ki te gentan fèt anba otorizasyon sa a anvan mwen te mande anilasyon l. Epitou, mwen konprann, si mwen anile otorizasyon sa a, mwen ta dwe fè chak moun oswa chak òganizasyon ki nome nan pati B a si mwen vle pou moun oswa òganizasyon sa a (yo) sispann pataje PHI m yo. Mete sou sa, mwen konprann, si moun oswa òganizasyon mwen otorize pou resevwa PHI m yo ki nome anwo a pa anba lwa federal ak lwa eta ki anvigè nan domèn pwoteksyon lavi prive a, li posib pou moun oswa òganizasyon sa a (yo) pataje PHI m yo ak lòt moun e pou mwen pa benefisyé pwoteksyon lwa federal ak lwa eta ki anvigè nan domèn pwoteksyon lavi prive a ankò. Mwen konprann tou, mwen menm oswa reprezantan pèsònèl mwen an gen dwa pou resevwa yon kopi fòm sa a e pou egzamine PHI ki pataje yo anba otorizasyon sa a.

# Otorizasyon pou pataje enfòmasyon sante



**Siyati manm nan: Lè mwen siyen anba a, se otorize mwen otorize pataj PHI m yo jan sa dekri pi wo a.**

Siyati manm nan:

Dat:

**Enfòmasyon sou reprezantan pèsònèl la : Lè mwen siyen anba a, se otorize mwen otorize pataj PHI sou manm ki nome anwo a. (Yon reprezantan legal se yon moun ki gen otorite legal pou l pran desizyon nan domèn swen sante nan non manm nan. AmeriHealth Caritas Florida dwe gen yon kopi dokiman pwokirasyon an oswa lòt dokiman legal ki montre sa, oubyen ou dwe voye dokiman sa a ansanm ak fòm sa a.)**

Non reprezantan pèsònèl la an karaktè enprimri:

Adrès reprezantan an:

Deskripsyon otorite reprezantan pèsònèl la:

Siyati reprezantan pèsònèl la:

Dat: Nimewo telefòn:

Voye fòm ki ranpli a tounen bay: Consent Processing Center, P.O. Box 7092, London, KY 40742-7092

Nimewo faks: **1-833-214-2242** (nimewo apèl gratis)

## Anèks pou otorizasyon pataj enfòmasyon sante

### Konsantman vèbal

Nou menm ki siyen anba a, nou ateste manm ki nome nan seksyon A anwo a gen yon **andikap fizik** ki anpeche l siyen otorizasyon sa a. Konsantman vèbal la pa vle di ou pa gen pou prezante dokiman ki montre yon lòt moun ap aji antanke reprezantan pèsònèl manm nan, ni li pa ka ranplase dokiman sa a sèlman poutèt li pa fasil pou manm nan siyen l.

Rezon ki fè manm nan pa kapab siyen:

Siyati anba yo montre:

- Yo te kominiike enfòmasyon ki sou fòm nan bay manm nan.
- Manm nan montre li konprann enfòmasyon ki nan otorizasyon sa a.
- Manm nan bay konsantman l ak tout volonte l.

Metòd komunikasyon ak manm nan:

Telefòn

An pèsonn

Lòt (esplike sa li ye):

Non temwen an ak lèt detache:

Non temwen an ak lèt detache:

Siyati temwen an:

Siyati temwen an:

Dat:

Dat:



## Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa

AmeriHealth Caritas Florida dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon, li pa mete moun sou kote ni li pa trete moun yon fason ki diferan akoz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap, kwayans, reliyion, zansèt, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oubyen oryantasyon seksyèl.

AmeriHealth Caritas Florida:

- Bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis (san yo pa peye pou sa) pou kominike fasilman ak nou, tankou:
  - Entèprèt konpetan nan lang siy.
  - Enfòmasyon sou lòt fòma (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis lang gratis (san yo pa peye pou sa), tankou:
  - Entèprèt konpetan.
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w ta bezwen youn nan asistans sa yo, kontakte AmeriHealth Caritas Florida nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou disponib 7 jou sou 7 epi 24 sou 24.

Si w ta konstate AmeriHealth Caritas Florida neglige bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon kont ou yon lòt fason, ou menm oswa reprezantan otorize w (depi nou gen otorizasyon w alekri nan dosye nou yo) kapab depoze yon doleyans bay:

- Grievance and Appeals, P.O. Box 7368, London, KY 40742. Telefòn: **1-855-371-8078 (TTY 1-855-371-8079)**, oswa Fax: **1-855-358-5847**.
- Ou ka depoze yon doleyans pa mwayen imèl, faks, oswa telefòn. Si w gen difikilte pou w depoze yon doleyans, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo ap kontan ede w.

Ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman Sante ak Sèvis Dwa Moun Etazini an ak Biwo Dwa Sivil la pa mwayen elektwonik, ou ka fè sa sou Paj pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen kourye oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, SW  
Room 509F, HHH Building  
Washington, D.C. 20201  
**1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697)**

Fòmilè pou plent yo disponib nan:  
<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplemantè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.